

Nimewo 3.1

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinye Deklarasyon Dijans poutèt Katastwòf yo

KONSIDERE KE, konfòmeman ak Dekrè Egzekitif Nimewo 198 lan (Executive Order 198), ki te pibliye nan dat 20 novanm 2019, yo te deklare yon katastwòf nan konte Cayuga, Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego, St. Lawrence ak Wayne akòz gwo inondasyon, ewozyon toupatou, ak dega dlo yo ki te lakòz anpil domaj nan kay yo ak nan lòt estrikti rezidansyèl, biznis, ak enfastrikti publik yo;

KONSIDERE KE, konfòmeman ak Dekrè Egzekitif Nimewo 211 lan, ki te pibliye nan dat 6 jiyè 2021, yon katastwòf nan tout eta a te deklare atravè Eta a akòz vyolans ak zam;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, MWEN, KATHY HOCHUL, Gouvènè Eta New York la, konfòmeman ak otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York yo te konfyé mwen, avèk dokiman sa a, mwen bay lòd pwolonje eta dijans poutèt katastwòf jan sa deklare nan Dekrè Egzekitif Nimewo 198 ak 211 yo epi kontinye kenbe anvigè tèm, kondisyon, ak sispansyon yo ki nan Dekrè Egzekitif Nimewo 198 rive nan Nimewo 198.19, 211, 211.1, jiska 22 novanm 2021.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany nan
venntwazyèm jou mwa oktòb nan ane de mil
venteyen.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a